

Politik Anrejistreman moun ki pa Anplwaye

Gwoup Sib: Sistèm sante Cleveland Clinic		Dat Piblikasyon Orijinal: Vèsyon ki	Pa Fikse a 1
Moun ki Apwouve a: Komite Direktè yo, BOG/MEC	Dènye Dat Apwouve/Revize: 22/07/2015	Moun ki Prepare li a: Julianne Thomas (ADMINISTRATE DEPATMAN III)	Dat Efektif 22/07/2015
Euclid Hospital: Dat apwobasyon MEC: 14/08/2015 Dat apwobasyon komite: Dat Efektif:		Fairview Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat apwobasyon komite: Dat Efektif:	
Hillcrest Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat apwobasyon komite: Dat Efektif:		Lakewood Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat apwobasyon komite: Dat Efektif:	
Lutheran Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat apwobasyon komite: Dat Efektif:		Marymount Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat apwobasyon komite: Dat Efektif:	
Medina Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat apwobasyon komite: Dat Efektif:		South Pointe Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat apwobasyon komite: Dat Efektif:	
CCCHR: Dat apwobasyon MEC: Dat apwobasyon komite: Dat Efektif:		Avon: Dat apwobasyon MEC: Dat apwobasyon komite: Dat Efektif:	

NOT ENPOTAN POU MET DOKIMAN YO:

Si dokiman ou an gen enpak sou moun k ap bay swen k ap travay nan nenpòt pami Lopital Kominotè nou yo EPI se yon egzijans pou nenpòt ki Ajans Gouvènman oswa Reglemantè, oswa li egzije apwobasyon MEC, ou gen gen egzijans pou ou ranpli yon Fòmilè Rezime Dokiman epi atache li ak dokiman sa a.

Objektif

Politik sa a etabli egzijans anrejistreman pou tout moun ki pa anplwaye nan Cleveland Clinic (etidyan, volontè, kontraktè, travayè konstwiksyon, pwofesyonèl medikal afilye, obsèvatè, elatriye.) pou asire endividi yo te apwouve ak jwenn oryantasyon avan yo afekte yo nan Cleveland Clinic atravè yon lòt pati.

Aplikab pou tout lokal sistèm sante Cleveland Clinic yo, politik lan mandate yon sistèm santralize pou eleman konfòmite lojman nan Sèvis Pwoteksyon an nan ka gen yon odit.

Deklarasyon Politik la

Pou asire sekirite pou pasyan nou yo ak moun k ap bay swen yo, Sèvis Sekirite Administratif yo kenbe yon pwosesis anrejistreman estanda pou tout lokal sistèm sante Cleveland Clinic yo avan afektasyon.

Definisyon

Moun ki pa Anplwaye: endividi ki bezwen gen aksè ak Pwopriyete Cleveland Clinic ki p ap resevwa yon chèk ak yon logo Cleveland Clinic sou li. Egzanp yo se etidyan, kontraktè, obsèvatè, elatriye.

Itilizatè a Distans: Yon endividi ki bezwen yon nimewo Idantifikasyon yon fason pou li jwenn aksè ak sistèm Cleveland Clinic yo. Endividi sa yo p ap janm fizikman sou pwopriyete Cleveland Clinic la.

Reprezantan Depatman an: Anplwaye Cleveland Clinic k ap otorize moun ki pa anplwaye pou sou pwopriyete Cleveland Clinic la. Reprezantan Depatman an responsab pou moun ki pa anplwaye a toutotan yo nan Cleveland Clinic.

Reprezantan Vant: Yon endividi ki sou Pwopriyete Cleveland Clinic k ap travay nan departman vant. Sa genyen ladann sistèm fòmasyon ak swivi epi pral itilize Vendormate pou anrejistreman.

Zòn Swen Pasyan: Sante Okipasyonèl defini sa antanke yon espas kote yon endividi pral oswa gendwa vin an kontak ak/oswa nan menm lokal ak pasyan nan Cleveland Clinic. Tès TB obligatwa pou tout endividi ki genyen zòn travay prensipal yo nan yon Zòn Swen Pasyan:

Zam: Nenpòt dispozitif yon moun ka pote, posede oswa itilize nan objektif pou fè yon moun mal fizikman.

Aparisyon: yon vizit sou yon pwopriyete Cleveland Clinic, kèlkeswa kantite èdtan nan espas la.

Sistèm sante Cleveland Clinic: Sa gen ladan l kanpis prensipal yo, Avon: Euclid, Fairview, Hillcrest, Lakewood, Lutheran, Marymount, Medina, SouthPointe, Lopital pou Timoun pou Reyabilitasyon ak Sant Sante tout Fanmi an, sit Doktè yo pratike, Sit pratik

Nevada yo, Depatman Ijans, Sant Swen Ijans ak sant Operasyon Anbilatwa ki ratache ak etablisman sa yo.

Aplikasyon Politik la

Pwosesis la aplike pou tout sila yo ki pral sou pwopriyete Cleveland Clinic pou plis pase 5 jou oswa 5 aparasyon. Tout moun ki la nan espas la pandan mwens oswa yon dire ki egal ak 5 jou oswa 5 aparasyon, yon manm pèsònèl la dwe eskòte li nan depatman k ap fè eksperyans lan epi li dwe siyen yon akò konfidansyalite (gade **Atachman an 1**) reprezantan depatman an te bay la.

Reprezantan depatman yo responsab oryantasyon yo.

Travayè konstwiksyon yo gen otorizasyon pou yo sou espas travay la san eskòt akòz travay y ap fè a. Yo pran yon piblikasyon sou pase pou travayè ki konstwiksyon sou sit la kèlkeswa kantite jou oswa aparasyon l sou sit la.

Pasyan, fanmi pasyan yo, ak vizitè pasyan yo dispanse ak politik anrejistreman moun ki pa anlwaye a.

Yo defini egzijans anrejistreman ki espesifik ak pwogram lan nan **Atachman 2: pwosedi Anrejistreman sou SilkRoad**

Chak moun ki pa anlwaye ki pral sou pwopriyete Cleveland Clinic pou plis pase 5 jou oswa 5 aparasyon, dwe jwenn, afiche, epi renouvle yon badj idantifikasyon nan Depatman Badj Idantifikasyon an ki nan Sèvis Sekirite yo. Egzijans anrejistreman yo pral fini avan yo resevwa yonbadj aktif epi genyen sa ki swiv la, oswa varasyon sa ki swiv la:

1. Soumèt enfòmasyon fondamantal tankou non, imèl, SSN, Dat Nesans, adrès ki sèvi pou badj la soti nan sistèm nan
2. Ranpli yon fòmilè piblikasyon sou pase
3. Ranpli yon akò konfidansyalite
4. Akseptasyon Kondisyon Itilizasyon yo
5. Soumèt verifikasyon tès TB negatif si sa nesesè
6. Li epi asepte tout politik nan tout antrepriz la
7. Pase kou COMET la
8. Anrejistre machin yo pou pakin
9. Konfòmite ak vaksen pou grip (etidyan sèlman)
10. Egzijans Espesifik pou Depatman

Egzijans yo ka sibi chanjman nenpòt lè sou baz bezwen moun k ap patisipe yo, depatman yo, antrepriz Cleveland Clinic, oswa reglemantasyon gouvènman yo. Tout anlwaye Cleveland Clinic ki gen sipèvizyon moun ki pa anlwaye yo, konpayi ki sou kontra yo, inivèsite ak kolèj afilye yo, pral aksepte pwosesis anrejistreman Cleveland Clinic la ki obligatwa jan sa ekri nan politik sa a.

Pèsònèl Cleveland Clinic la gen dwa pou refize yon moun antre nan pwopriyete

Cleveland Clinic sou baz rezilta verifikasyon sou pase an. Yon òf pou yon eksperyans san ou pa anplwaye kapab anile nenpòt kilè. Non-konfòmite ak nenpòt eleman nan pwosesis anrejistreman an pral debouche sou refi badj ak antre nan etablisman Cleveland Clinic yo.

Zam pa otorize nan espas Cleveland Clinic, nan fonksyon antrepriz la sibvansyone, pandan òganizasyon yon aktivite biznis andeyò espas konpayi a oswa nan machin Cleveland Clinic posede oswa lwe. Espas Cleveland Clinic yo genyen ladan yo tout batiman antrepriz lan posede oswa lwe yo ak zòn ozalantou yo tankou paking, twotwa ak ale yo.

Endividi ki vyole politik Zam ak Kontrebann nan ap soti tousuit sou pwopriyete Cleveland Clinic la, y ap enfòm ekip administrasyon yo sa, epi yo gendwa sibi yon pwosè kriminèl.

Pwogram Anrejistreman pou Moun ki Pa Anplwaye

Sèvis Pwoteksyon an jere pwosesis anrejistreman moun ki pa anplwaye yo epi kenbe tout dokimantasyon konfòmite yo. Chak moun ki pa anplwaye gen obligasyon pou fini pwosesis anrejistreman an avan li rive sou pwopriyete Cleveland Clinic ak avan dat ekspirasyon badj li a rive. Tout itilizatè yo dwe konfòm yo ak direktiv Sèvis Sekirite Administratif yo ki anrapò ak aksè pwogram nan.

Tout moun ki pa anplwaye responsab pou fè aktivite ki nan afektasyon li jan Kondisyon Itilizasyon yo montre sa. Y ap mennen ankèt sou Vyolasyon Kondisyon Itilizasyon yo.

Sèvis Pwoteksyon yo gen dwa pou li fè odit sou nenpòt enfòmasyon yo soumèt nan pwogram nan ak enstitisyon akademik yo oswa antite ekstèn yo. Nan ka demann yon dokiman, yo dwe remèt li bay Sèvis Sekirite Administratif yo nan yon peryòd 24 èdtan.

Se founisè lojisyèl la ki gen obligasyon pwoteje done ki nan sistèm nan. Cleveland Clinic pwoteje konfidansyalite, entegrite, ak disponiblite tout done li resewva, jere oswa transmèt.

Sèvis Sekirite Administratif yo genyen prensipal sipèvizyon pwogram lan epi li kapab dezaktive pwosesis anrejistreman an.

Sèvis Sekirite Administratif yo pral rapòte tout vyolasyon politik yo bay reprezantan/esponnsò depatman an ak lidèchip ki gen kontra a.

Depa moun ki pa Anplwaye

Tout moun ki gen badj dwe remèt yo bay Depatman Idantifikasyon Badj la nan moman depa yo.

Se responsablite reprezantan depatman an pou kominike bay Sèvis Sekirite Administratif yo lè moun ki pa anplwaye an pa egzije aksè ankò ak pwopriyete Cleveland Clinic.

Endividi yo jwenn ki pa konfòme yo kapab sibi ekspilsyon sou pwopriyete a.

Pwogram Anrejistreman pou Repezantan Vant yo

Endividi ki ratache ak Cleveland Clinic antanke yon repezantan vant pral itilize pwogram Vendormate lan Pou plis enfòmasyon, tanpri revize Pwosedè Operasyon Estanda Sistèm Vendormate Cleveland Clinic lan.

Egzijans Reglemantè/Referans

Komisyon Miks ORC.2901.01; EC.02.01.01

HR.01.02.05

HR.01.04.01

Politik Idantifikasyon Badj

Politik Vizit Founisè

Politik Kontwòl Zam

Sipèvizyon ak Responsablite

Sèvis Sekirite Administratif yo pral egzamine, revize, mete ajou, ak rann operasyonèl politik sa a pou kenbe konfòmite ak règlemantasyon oswa lòt egzijans.

Se responsablite chak lopital, enstiti, depatman ak disiplin pou aplike politik lan epi pou prepare epi rann operasyonèl pwosedè ki lye ak politik lan si sa aplikab.